



Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON SANT ANALIZ KONT KRIM SUFFOLK LA

*Envestisman Eta a triple gwosè sant lan epi li double kantite pwofesyonèl k ap bay ajans fòs lòd lokal yo sipò pou envestigasyon*

*Sant Analiz kont Krim Suffolk la se youn nan 11 nan rezo Sant Analiz kont Krim inik Eta a ke yo rekonèt nasyonalman*

*Long Island anrejistre pi piti ensidan fiziyad ki bat rekò ak 44 ensidan fiziyad ak blesi yo rapòte ane pase*

*Li swiv envestisman rekò pou konbat krim Gouvènè a nan elaji kapasite teknologik ak kowòdinasyon ajans fòs lòd yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ekspansyon Sant Analiz kont Krim (Crime Analysis Center, CAC) Suffolk la, youn nan 11 rezo inik ki rekonèt nasyonalman an ki finanse ak sipòte pa Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta a an patenarya ak ajans fòs lòd lokal yo nan tout eta a. Eta Nouyòk te envesti prèske 1 milyon dola pou triple gwosè sant la ak double kantite pwofesyonèl ki reponn ak demann pou asistans epi bay sipò pou envestigasyon ki ede ajans fòs lòd yo rezoud, anpeche ak diminye krim. Done preliminè yo montre 44 ensidan fiziyad ak blesi ke depatman lapolis Konte Suffolk, Konte Nassau, ak Hempstead te rapòte ane pase a, se pi piti yo nan istwa depi 2006, lè twa depatman yo te kòmanse rapòte done sa yo bay Eta a. Pandan tan sa a, done preliminè soti janvye jiska septanm 2024, sa ki pi resan ki disponib, te montre yon rediksyon 7 poustan nan krim yo te rapòte nan Long Island lè yo konpare ak menm peryòd nèf mwa an 2023.

"Sekirite piblik se priyorite nimewo en mwen — epi ekspansyon sa a pèmèt fòs lòd yo pataje entèlijans, analiz ak sipò pou idantifye pwen cho yo ak chema krim ki ede yo travay pi entelijan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pataj entèlijans ak kowòdinasyon sant sa yo facilite pèmèt ajans fòs lòd yo atravè Eta a konsantre resous yo kote yo pi bezwen yo, sa ki maksimise kapasite nou pou nou kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Sitiye nan Katye Jeneral Depatman Lapolis Konte Suffolk nan Yaphank, Sant Analiz kont Krim Suffolk la plis pase twa fwa gwosè orijinal li: 464 m<sup>2</sup> (5,000 pye kare) konpare

ak 158 m<sup>2</sup> (1,700 pye kare) lè li te premye etabli an 2019. Sant Ian kounye a ka akeyi 45 syèz, kont 16 anvan sa a, epi li gen yon mi video dènye modèl, ki mezire 7 m (24 pye) lajè, 1.40 m (4.5 pye) wotè. Sant Ian gen pèsonèl analis kont krim ak pèsonèl fòs lòd, ki finanse pa Divizyon Sèvis Jistis Penal (DCJS); Depatman Lapolis Konte Suffolk; Biwo Pwokirè Distri konte a, Biwo Sheriff la, Depatman Pwobasyon, ak Sèvis Pwoteksyon Timoun; Depatman Lapolis Konte Nassau; Depatman Lapolis Vil Nouyòk; Depatman Lapolis MTA, Lapolis Eta Nouyòk; Gad Nasional Ayeryen Nouyòk; Depatman Koreksyon ak Sipèvizon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) Eta a; ak pwogram Zòn Trafik Dwòg nan Wo Entansite Nouyòk/New Jersey (New York/New Jersey High Intensity Drug Trafficking Area).

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk la, Rossana Rosado, te deklare,** "Analis kont krim jwe yon wòl enpòtan nan sipòte envestigasyon fòs lòd yo. Nan Sant Analiz kont Krim nou yo, pwofesyonèl sa yo travay ak pèsonèl fòs lòd lokal, eta ak federal ki pataje konesans ak ekspètiz yo epi ki pwofite teknoloji pou jwenn enfòmasyon ak done ki lakòz yon apwòch estratejik ki pi sible pou rezoud ak dekouraje krim. Mwen bat bravo pou travay fonksyonè publik devwe sa yo, felisite patnè nou yo nan Konte Suffolk ak atravè eta a pou kolaborasyon ak sipò kontinyèl yo, epi mwen remèsy Gouvènè Hochul pou envestisman li nan travay enpòtan sa a ak angajman li pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

**Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare,** "Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li epi paske li rekonèt wòl enpòtan ke analiz kont krim jwe nan rezoud ak abòde krim ki afekte katye ak kominote nou yo chak jou. Resous tankou Sant Analiz kont Krim Suffolk yo enperatif pou kolekte epi pataje done enpòtan ak patnè fòs lòd nou yo pou ansam, nou ka rezoud krim pi vit epi anpeche ensidan Alavni yo."

Depatman Lapolis Konte Suffolk, Konte Nassau, ak Hempstead fè pati 28 depatman lapolis ak lòt ajans fòs lòd yo nan 21 konte ki resevwa prèske 36 milyon dola atravè inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) Eta apou redwi fiziyad epi sove lavi yo. Twa ajans Long Island sa yo te rapòte rediksyon de chif nan mezi fiziyad yo Ajans GIVE yo oblige rapòte bay Eta a. Lè yo konpare ane pase a ak 2023:

- Ensidan fiziyad ki lakòz blese te bese 39 pousan (44 v. 72).
- Kantite moun ki te blese nan kout zam te diminye 35 pousan (59 v. 91).
- Te gen sis moun an mwens ke yo te touye pa vyolans ak zam, yon diminisyon 38 pousan (10 v. 16).

Ajans Lapolis te rapòte krim preliminè nan Long Island te montre yon rediksyon 7 pousan ant janvye jiska septanm 2024 kont 2023. Krim vyolan (asasinay, vyòl, vòl, atak grav), bese a 4 pousan ak krim sou pwopriyete (kanbriyolaj, vòl, vòl vezikil a motè), te bese a 7 pousan.

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, DCJS te resevwa finansman nan nivo rekò pou Rezo Ananliz kont Krim (18 milyon dola), GIVE (36 milyon dola), Pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la (21 milyon dola) ak Project RISE (20 milyon dola), kat inisyativ kle ki bay finansman ak sipò bay fòs lòd lokal yo ak patnè kominotè k ap travay pou adrese kòz ak konsekans vyolans ak zam ak lòt krim.

Nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2026 li a, Gouvènè Hochul kontinye envèstisman sa yo e li ajoute yon lòt 13 milyon dola pou etabli Syèj Sosyal pou Analiz Krim ak Kòmandman Operasyon Espesyal Konjwen (Crime Analysis and Joint Special Operations Command Headquarters, CA-JSOC Eta Nouyòk la. Syèj Sosyal kòmandan an ta dwe yon sant enfòmasyon estratejik, asistans teknik ak fòmasyon pou 11 sant yo epi amelyore patenarya ki egziste deja yo epi elaji pataj enfòmasyon ak Sant Entèlijans Eta Nouyòk ki opere pa Lapolis Eta a, Sant Developman Plon Konte Nassau ki dirije pa otorite lokal yo, ak Sant Operasyon Sekirite Konjwen (Joint Security Operations Center, JSOC) Eta a, ki konsantre sou pwoteje Eta a kont menas sibè yo.

Sèlman ane pase a, anplwaye nan Sant Suffolk te resevwa 30,010 demann pou sèvis – prèske yon ka nan 130,928 demann total rezo a te resevwa – epi li te ede 70 ajans fòs lòd differan ak ka ki te enplike aksidan ak deli ak fuit rive nan asasina. Yon konsèy administrasyon egzekitif sipèvize sant la, li gen ladan ofisyèl DCJS, Depatman Lapolis Konte Suffolk, Biwo Pwokirè Distri Konte Suffolk, Biwo Cherif Konte Suffolk, ak Depatman Lapolis Shelter Island, ki reprezante Asosyasyon Chèf Lapolis Konte Suffolk la.

**Kad Egzekitif Konte Suffolk Ed Romaine te deklare**, "Priyorite nimewo en Konte Suffolk se kenbe kominote nou yo an sekirite. Antanke òganizatè youn nan pi gwo sant entèlijans nan eta a, nou ranfòse angajman nou anvè sekirite publik atravè aplikasyon teknoloji avanse ak alokasyon resous ki nesesè pou ajans fòs lòd lokal nou yo pou envestige ak dekouraje krim ak efikasite."

**Komisyonè Lapolis Enterimè Konte Suffolk la, Robert Waring, te deklare**, "Sant Analiz kont Krim se yon gwo resous ki mennen reprezantan ajans fòs lòd ansanm nan yon sèl kote, sa ki pèmèt kominikasyon fasil ak resous pataje. Lè nou gen teknoloji a nan sant sa a, ansanm ak analis yo k ap idantifye tandans ak chema yo, nou ap avanse misyon nou pou rezoud ak dekouraje krim."

**Avoka Distri Konte Suffolk, Raymond A. Tierney, te deklare**, "Agrandisman Sant Analiz kont Krim (CAC) Suffolk la se yon gwo etap nan direksyon pou transparans ak kolaborasyon ak tout patnè fòs lòd nou yo. CAC la se yon sistèm sipò enpòtan pou gason ak fanm nan fòs lòd yo epi ki soti sou teren an jou apre jou ap mete lavi yo sou liy lan pou sitwayen yo nan Konte Suffolk. Lè gen reprezantan ki soti nan plizyè òganizasyon nan menm chanm ki pataje entèlijans an tan reyèl se kle nan lapolis efikas. Pa gen okenn ranplasman pou kominikasyon, kolaborasyon ak fliks enfòmasyon ouvè ant tout ajans fòs lòd yo. Se yon kle pou siksè."

**Sherif Konte Suffolk la, Errol D. Toulon, Jr. te deklare.** "Agrandisman Sant Analiz kont Krim Suffolk la se yon envestisman estratejik nan sekirite publik epi li pral amelyore plis efikasite operasyon fòs lòd yo. Lè yo ogmante anplwaye yo ak elajи anpriyet sant lan, ajans fòs lòd Konte Suffolk yo pral pi byen ekipe pou kowòdone entèlijans, rasyonalize envestigasyon yo, epi mennen plis kriminèl devan lajistis. Mèsi Gouvènè Hochul ak patnè Eta Nouyòk nou yo pou sipò yo pou asire Konte Suffolk rete nan tèt liy inovasyon an pou kenbe kominate nou yo an sekirite."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)